



Pou Piblikasyon Imedya: 25/03/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO AK KOMISÈ SANTE ETA A DOKTÈ ZUCKER ANONSE YO REVIZE GID SOU VIZIT NAN MEZON RETRÈT YO POU ADAPTA POU RESPEKTE ENSTRIKSYON CMS FEDERAL YO

Yo otorize vizit yo pou tout rezidan nan mezon retrèt yo avèk kèk eksepsyon limite

Ou kapab jwenn Gid sou Depatman Sante a [isit la](#)

Gouvènè Andrew M. Cuomo ak Komisyonè Sante Eta New York la, Doktè Howard Zucker te anonse jodi a piblikasyon gid yo revize sou vizit nan mezon retrèt yo pou respekte enstriksyon ke Sant pou Sèvis Medicare ak Medicaid (Centers for Medicare and Medicaid Services, CMS) Etazini an te pibliye resaman. Gid la, ki antre an vigè imedyatman, otorize vizit yo tout lè epi pou tout rezidan yo avèk kèk eksepsyon limite pou rezidan ki pa pran vaksen yo nan zòn ki gen gwo pousantaj pwopagasyon kominotè yo ak pousantaj vaksinasyon ki pi ba yo, rezidan yo ki genyen enfeksyon COVID-19 ki konfime oswa sila yo ki nan izòlman oswa nan karantèn. Etablisman yo dwe toujou kontinye respekte bon jan prensip kontwòl enfeksyon.

"Depi nan kòmansman an menm nou te itilize lasyans ak done pou jwenn ekilib apwopriye ant pwoteje popilasyon ki pi vilnerab nou yo nan mezon retrèt yo ak enpòtans pou pèmèt kontak ki san danje avèk moun pwòch yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou genyen kounye a twa vaksen efikas ki ap mennen nan diminisyon siyifikatif nan ka COVID swen alontèm yo ak yon sistèm tès pèsònèl ki solid pou limite pwopagasyon kominotè pou yo pa antre nan yon etablisman. Kounye a se moman apwopriye a pou nou pran pwochen etap la epi rekonekte an tout sekirite kominote sa a avèk fanmi yo."

Chif ka pozitif yo nan mezon retrèt yo te diminye plis pase 80% depi pik la nan mitan mwa janvyè a pandan yon dezyèm ogmantasyon COVID la apre sezon fèt la. Depatman Sante (Department of Health, DOH) la rekòmande anpil pou tout etablisman yo ofri tès pou vizitè yo pandan ke COVID-19 la toujou prezan nan kominote yo nan tout Eta a. Vizit pou Swen Konpatisan (Compassionate Care) yo, ke yo te otorize nan tout etablisman yo nan tout lè, pral kontinye anba nouvo gid sa a.

Komisè Depatman Sante Eta New York la, Doktè Howard Zucker te deklare, "Nou konprann konsekans emosyonèl ke kominote sa a te eksperimente lè li te separe ak moun pwòch li a pandan yon ane ki te patikilyèman gen anpil difikilte. Nou gen

konfyans ke etablisman sa yo kapab kontinye bon jan pratik kontwòl enfeksyon yo ki pral favorize vizit san danje yo te sonje anpil yo".

Gid sa a ranplase gid 23 fevriye a ki te egzije yon etablisman pou li pa gen COVID pandan 14 jou.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)